**Enfòmasyon Enpòtan**

Nenpòt moun ka viktim asèlman. Moun ki angaje konpòtman asèlman ka yon ansyen mennaj, yon etranje, yon konesans, manm fanmi, konjwen, elatriye.

**10 bagay ou bezwen konnen sou asèlman:**

1. Asèlman se yon krim.
2. Ka gen asèlman kont nenpòt moun-pa sèlman vedèt.
3. Asèlman rive anpil moun.
4. Asèlman ka trè danjere.
5. Asèlman nuizib ak pèsistan.
6. Asèlman ka fèt nan yon relasyon, apre yon relasyon oswa san yon relasyon.
7. Òdinatè, telefòn selilè elatriye ka itilize pou fè asèlman.
8. Yon solisyon efikas pou asèlman mande patisipasyon tout kominote a. Fè lòt moun konnen sa k ap pase nan lavi ou.
9. Ou ka fè yon diferans.
10. Gen èd ki disponib, men ou dwe gen volonte pou chèche èd la.

**Sa pou fè si ou viktim asèlman**

Si ou gen yon papye Entèdiksyon, fè anpil kopi landan, epi mache ak yon kopi sou ou toutan. Konsève nenpòt pake, lèt, mesaj oswa kado aselè a. Fè moun konnen ou viktim asèlman pou aselè a pa ka jwenn enfòmasyon nan men yo sou ou. Si ou gen yon foto aselè a, fè kopi foto a epi distribiye kopi yo ba moun ou konnen kote w ap frekante yo.

*OFISYE PREVANSYON VYOLANS NAN KAY OU SE:*

______ ______________________ ______
Grad Non Kòmannman

*Nimewo Telefòn:* ____________________

***Pou Lòt Asistans ak Resous:***

Lapolis Ijans Rele ............................................**911**

Sèvis Enfòmasyon Vil Nouyòk ..........................**311**

***Liy Dirèk 24 èdtan pa jou vil Nouyòk pou zafè Vyolans nan Kay***

**1-800-621-HOPE (4673)**
**1-800-810-7444**
*(Pou moun ki gen pwoblèm pou tande)*

***Liy Dirèk 24 sou 24 Eta Nouyòk pou Zafè Vyolans nan Kay***

*Angle:* **1-800-942-6906**
*Panyòl:* **1-800-942-6908**

***Liy Dirèk 24 sou 24 Eta Nouyòk pou Abi sou Timoun***

**1-800-342-3720**

Wèbsayt NYPD .............**http://www.nyc.gov/nypd**

***Tribinal pou Krim ak Zafè Fanmi***

Brooklyn ........Tribinal Kriminèl - (718) 643-4044
Tribinal pou Zafè Fanmi - (718) 643-2650
Bronx .............Tribinal Kriminèl - (718) 590-2000
Tribinal pou Zafè Fanmi - (718) 590-3319
Manhattan ......Tribinal Kriminèl - (212) 374-4985
Tribinal pou Zafè Fanmi - (212) 386-5170
Queens ...........Tribinal Kriminèl - (718) 520-3469
Tribinal pou Zafè Fanmi - (718) 298-0197
Staten Island ...Tribinal Kriminèl - (718) 390-8400
Tribinal pou Zafè Fanmi - (718) 390-5460

**VINE**
**Notifikasyon Enfòmasyon sou Viktim Chak Jou**
**1-888-VINE-4-NY**

**VINE** se yon liy dirèk otomatik 24 sou 24 ki fè viktim yo konnen dat liberasyon prizonye ki te nan gadavi nan vil Nouyòk oswa nan sistèm prizon Depatman Koreksyon Leta.

Depatman Lapolis Vil Nouyòk pa gen pou chèche konnen kondisyon imigrasyon moun ki viktim nan krim, temwen oswa lòt moun ki rele oswa ki pwoche lapolis pou chèche sekou. – Lòd Egzekitif Nimewo 41 Majistra NY

BM 786-B-HC (04-06)
HC Stalking Stalker

# *Vyolans nan Kay*

***SA OU BEZWEN KONNEN***

## ***MOUN K AP SWIV OU TOUTAN***




***Michael R. Bloomberg***
***Majistra***

***Raymond W. Kelly***
***Komisyonè Lapolis***

***RELE "911" POU IJANS***

# Devlopman yon dosye. Amelyorasyon Sekirite Viktim

**Kisa asèlman avèk menas ye?**

Asèlman avèk menas vle di aksyon ki fèt avèk entansyon san rete pou mete yon moun nan laperèz rezonab pou sekirite li. Asèlman avèk menas se yon seri konduit ki itilize pou konsève kontak avèk yon lòt moun oswa pou egzèse pouvwa ak kontwòl sou moun nan. Asèlman se yon krim epi ou ka jwenn sekou.

- NYS zak kriminel/zak familyal -

Moun komèt asèlman:

- Avèk entansyon li,
- Pou bi ki pa legal,
- Angaje nan yon seri de konduit,
- Kont yon moun espesifik, epi
- Konnen oswa ta dwe konnen nòmalman konduit la ka lakòz oswa lakòz yon kalite laperèz oswa mal espesyal

**Deklare senpleman, kit aksyon entansyonèl li fè pou mete ou nan laperèz, ka konsidere kòm asèlman.**

**Ou sibi asèlman si yon moun:**

- Ap swiv ou oswa espyone ou souvan
- Rele lakay ou ak/oswa nan travay ou souvan
- Voye ba ou mesaj elektwonik, lèt, oswa faks endezirab souvan
- Kite kado pou ou oswa atik ou pa vle
- Vandalize oswa domaje byen ou
- Menase ou oswa yon moun ki pwòch ou
- Prezante souvan san bi legal tout kote ou prale

Nou ankouraje viktim yo pou yo make dekri tout ensidan asèlman ki posib. Sa gen ladan tou ranpli yon rapò lapolis.

Ofisye vyolans nan kay lokal ou disponib pou pote ou sekou.

**Konsève yon kanè ensidan yo,** avèk tou dat, lè, sa ki pase yo ak non nenpòt temwen. Konsève mesaj elektwonik, lèt, faks, atik li kite pou ou, elatriye. Menm si ou deside pou ou pa pouswiv moun nan lajistis nan moman an, ou ka chanje lide alavni. Dokimantasyon nenpòt ensidan fè yon dosye pi solid.

**Kanè ensidan asèlman**

Non viktim nan (non ou):

**Enfòmasyon sou Delenkan an**

(tache foto delenkan, si genyen)

Non delenkan an:
Fo non, ti non jwèt, non nan lari

Dènye adrès li ou konnen:
Lòt adrès kote delenkan an ka ye:

Adrès travay:
Nimewo Telefòn Travay:
Metye:

Dat Li Fèt: Sèks: Laj:
Nimewo Plak Oto: Eta: Mak: Kalite: Koulè:

Nimewo Telefòn Kay: Nimewo Telefòn Selilè:
Nimewo Bipè: Lòt Nimewo:
Adrès Elektwonik:
Ras/Etnisite: Lang li pale:

Èske li fè pati yon gang? (Wi) oswa (Non)
Si li fè pati gang, non gang lan se: ____________
Èske li gen zam? (Wi) oswa (Non)
Èske li gen lisans pou li gen yon zam? (Wi) oswa (Non)
Èske ou gen papye entèdiksyon? (Wi) oswa (Non)
Èske li te arete deja? (Wi) oswa (Non)
Si repons lan se wi, pou kisa yo te arete li? ____________________

**Ensidan #1:**

Dat: Lè: Kote:

Temwen, si genyen:
Adrès:
Nimewo Telefòn:
Deskripsyon ensidan:
Mesaj, mesaj elektwonik, lèt, faks, atik li kite pou ou:

Nimewo rapò lapolis: Sikonskripsyon rapò:

---

**Ensidan #2:**

Dat: Lè: Kote:

Temwen, si genyen:
Adrès:
Nimewo Telefòn:
Deskripsyon ensidan:
Mesaj, mesaj elektwonik, lèt, faks, atik li kite pou ou:

Nimewo rapò lapolis: Sikonskripsyon rapò:

---

**Ensidan #3:**

Dat: Lè: Kote:

Temwen, si genyen:
Adrès:
Nimewo Telefòn:
Deskripsyon ensidan:
Mesaj, mesaj elektwonik, lèt, faks, atik li kite pou ou:

Nimewo rapò lapolis: Sikonskripsyon rapò: